



**LEMBAR KERJA PESERTA DIDIK
BAHASA SUNDA KELAS 9
SMP NEGERI 20 BANDUNG**


السلام عليكم ورحمة الله وبركاته



WASTA :

KELAS :

KOMPETENSI DASAR : DRAMA



KOMPETENSI DASAR

3.5 Mengidentifikasi struktur, unsur, serta aspek kebahasaan teks drama.

4.5 Mendemonstrasikan adegan drama dengan memperhatikan penghayatan, ekspresi, gestur dan lagu kalimat yang tepat

TUJUAN PEMBELAJARAN

1. Peserta didik dapat memahami unsur-unsur drama dengan benar
2. Peserta didik dapat memahami bentuk drama basa Sunda dengan baik



WANGEN DRAMA

Kecap drama asalna tina basa Yunani, dramoi nu hartina niru atawa niron-niron. Tina éta kecap, bisa ditapsirkeun yèn drama téh karya sastra nu ngutamakeun niru gerak jeung tingkah laku. Saupama eweuh gerak moal bisa disebut drama.

Jadi Drama téh nya éta carita atawa lalakon dina wangun paguneman (dialog), maksudna pikeun dipintonkeun.

Drama téh kaasup kana sastra lakon, sabab ngèbrèhkeun paripolah palaku.



UNSUR-UNSUR DINA DRAMA :

Tema Poko pikiran carita	Palaku Jalma anu ngalalakon carita dina drama, katut pasipatanana	Watek Sifat para palaku
Latar Aya latar tempat nu nuduhkeun lokasina, aya ogè latar waktu	Galur Alur caritana	Amanat Pesen anu hayang ditepikeun ku pangarang

BABAGIAN DINA DRAMA :



Dialog 1: nya éta obrolan silihtempas antara dua urang atawa leuwih (paguneman)


Monolog 2: nya éta omongan nu ditujukeun ka dirina sorangan

Prolog 3: nya éta katerangan pangarang ngeunaan lalakon anu baris disuguhkeun diawal drama

Epilog 4: nya éta kacindekan lalakon jeung nasehat pangarang anu disuguhkeun di ahir drama

Babak 5: Adegan 6: Candraan 7:	nyaéta kajadian-kajadian di hiji tempat dina saruntuy waktu nyaéta lobana kajadian dina sababak nyaéta kaayaan palaku, lianna nerangkeun latar, suasana, kajadian jeung	BABAGIAN DINA DRAMA : 
--	---	--

PAPASINGAN DRAMA



- ★ **Tragedi** : Drama anu pinuh ku hal-hal pikasediheun
- ★ **Komedi** : Drama anu ngolah humor sarta dipungkas ku kabagjaan palaku
- ★ **Melodrama** : Drama anu rea ngolah konflik batin
- ★ **Frace** : Drama anu leuwih nyoko kana carita anu pikalucueunana kaleuleuwih atawa sangeunahna
- ★ **Longsér** : Drama anu méntaskeun carita nu miboga nilai-nilai luhur raket jeung kahirupan masarakat

BEDA DRAMA TRADISIONAL JEUNG DRAMA MODERN

Drama Tradisional Drama Tradisional, mangrupa kagiatan drama nu teu ngagunakeun naskah atawa Improvisasi. Conto : Wayang Golèk Longsér Gending Karesmèn	Drama Modern Drama Modern, mangrupa kagiatan drama nu ngagunakeun atawa mikabutuh naskah dialog. Conto : Seni Tèater Film
--	--





KALIMAH LANGSUNG JEUNG TEU LANGSUNG

➤ Kalimah Langsung nyaéta kalimah anu langsung diucapkeun ku panyaturna (nu nyarita). Dina basa tulisan, omongan si panyatur téh ditempatkeun dina jero tanda kekenteng atawa tanda petik ("....")

Conto :

1. "Din, iraha rék aya kajuaraan Pencak Silat téh?" Kang Ujang nanya.
2. "Iraha datang ti Bandung téh, Wan?" Mang. Idin naros.



KALIMAH LANGSUNG JEUNG TEU LANGSUNG

➤ Kalimah Teu Langsung nyaéta kalimah anu diucapkeun henteu langsung ku panyaturna, sipatna naratif (nyaritakeun)

Conto :

1. Kang. Ujang nanyakeun ka Udin ngeunaan iraha-irahana rék aya kajuaraan Pencak Silat.
2. Mang. Idin naros ka Ridwan iraha datang ti Bogor.



Kumaha kira-kira paham teu ngeunaan kana pedaran drama di luhur?

Gampilkaann...



Pikeun ngetes paham
henteuna materi di luhur
urang tes nya!

Pek teangan ku hidep ku cara pasangkeun naon wae nu kaasup kana Unsur-unsur drama the!

No

Unsur-Unsur Drama

- 1 Jalma anu ngalalakon dina drama disebut....
- 2 Poko pikiran carita mah disebutna....
- 3 Mun pasipatan palaku dina drama mah disebut....
- 4 Tempat atawa waktu anu nuduhkeun lokasi kajadian disebut
- 5 Alur carita dina drama
- 6 Pesen nu hayang ditepikeun ku pangarang kanu lalajo disebut....



Tema



Amanat



Latar



Watek



Galur




Palaku

Pek ku hidep klasifikasikeun gambar pagelaran di handap ieu naha kaasup drama modern atawa tradisional!


7




8



9.



10



Tong hilap Materi nu
dianggap penting dicatetnya
dina buku tulis,
mangkaning sakedap deui
PTS Bageur!!

وَسَلَامٌ عَلَيْكُمْ وَرَحْمَةُ اللَّهِ وَبَرَكَاتُهُ